# Demandè

## Gid pou Fè Demann pou Peman Benefis Asistans Reyanplwa ak Kòman pou Ranpli Kondisyon Rechèch Travay yo

# Gid pou Fè Demann pou Peman Benefis  ak Fason pou Ranpli Kondisyon pou Rechèch Travay yo:

**I. Apèsi ........................................................................................................ 1**
**II. Kòman Pou Ranpli Kondisyon pou Rechèch Travay ou yo ………………….. 2**

## I. Apèsi

Reklaman yo oblije rapòte dosye rechèch travay yo oswa yo dwe ale nan yon sant CareerSource Florid pou chak semèn li fè demann pou benefis Asistans Reyanplwa. Si ou pa satisfè kondisyon rechèch travay sa a, sa pral lakòz yon reta oswa yon diskalifikasyon pou peman benefis wap mande yo.

Pou satisfè kondisyon rechèch travay la, ou dwe kontakte senk anplwayè potansyèl epi kenbe yon dosye sou efò ou fè yo chak semèn. Gen eksepsyon pou reklaman ki abite nan komin ki gen yon popilasyon 75,000 oswa mwens. Pou reklaman sa yo, kantite minimòm rechèch travay pou chak semèn benefis yo fè demann se omwen twa. Pou plis enfòmasyon detaye sou kantite rechèch travay ki nesesè, klike isit la.

Tanpri sonje ke demann pou peman benefis se yon pwosesis chak de semèn. Ou pral bezwen antre omwen yon total 10 oswa 6 dosye rechèch travay chak de semèn. Sa vle di, ou ta dwe sèlman antre omwen 5 oswa 3 rechèch travay chak semèn, tou depann de popilasyon komin kote wap viv la.

Yon rechèch travay ki presi ka enkli, men san oubliye, arejistre pou travay ak sèvis reyanplwa nan yon sant CareerSource  lokal, ranpli yon aplikasyon pou travay an pèsòn oswa sou Entènèt, voye yon aplikasyon pou travay oswa rezime, Vizite anplwayè potansyèl yo an pèsòn, fè entèvyou ak anplwayè potansyèl, oswa enskri pou travay avèk ajans travay oswa kote kap voye moun al travay, jis pou n site kèk.

Si w gen lòt kesyon, tanpri kontakte Sant Sèvis Kliyan Asistans Reyanplwa nou an nan **1-833-FL-APPLY** (1-833-352-7759). Epitou, ou ka kominike sou Entènèt ak yon Reprezantan Sèvis Kliyantèl Asistans Reyanplwa nan floridajobs.org. Depatman an te etabli yon Sant Èd pou Asistans Reyanplwa, yon pòtal sou Entènèt kote w ka resevwa ak bay Depatman an plis enfòmasyon konsènan Asistans Reyanplwa.

## II. Kòman Pou Ranpli Kondisyon pou Rechèch Travay ou yo

**1-** Sou bò gòch nan CONNECT, ou ka klike sou lyen **"Demann pou Peman Benefis**" oswa ale sou paj dakèy reklaman an epi chwazi **"Klike La pou Fè Demann pou Benefis."** Apre sa, yo pral mande w pou confime adrès ou, reponn kesyon yo, epi ranpli enfòmasyon yo mande pou rapòte rechèch travay ou yo. Wap bezwen repete pwosesis sa a pou chak semèn benefis yo mande.  Apre w fin soumèt premye semèn nan, w ap bezwen klike sou bouton **"Demann pou Benefis yo"** pou reklame nenpòt lòt semèn..

Ou pral kapab fè demann pou peman benefis pou chak semèn ki disponib. Yap mande w pou w reponn yon seri kesyon pou chak semèn ki aplikab.

**Gade apatide nenpòt ekran sou CONNECT:**




**Gade apatide paj dakèy Reklaman an:**



**2-** Wap bezwen askepte rekonesans enfòmasyon sou fwod la, epi klike sou **"Soumèt".**

**Fwod nan Asistans pou Retounen nan Travay**

**KISA FWOD ASISTANS REYANBOCHAJ LA YE?**

Fwod Asistans Reyanbochaj se yon krim 3yèm degre.

**Kijan fwod la fèt?**

- Lè yon moun fè fo deklarasyon ki ka chanje oswa ogmante benefis yo
- Lè yon moun pa bay enfòmasyon ki ka chanje oswa ogmante benefis yo
- Lè yon moun rapòte travay pou li kapab jwenn oswa ogmante benefis yo
- Lè yon moun pa rapòte salè ou pou kapab jwenn oswa ogmante benefis yo

**Kisa k'ap pase si mwen komèt fwod?**

Si ou komèt fwod Asistans Reyanbochaj ou ka:

- Ale nan prizon pou jiska senk (5) ane pou chak ofans
- Peye jiska $5,000 amann pou chak ofans
- Yon penalite ki egal a 15% montan yo peye anplis la.
- Pèdi Asistans Reyanbochaj yo pidevan
- Remèt tout benefis ou pa te gen dwa pou jwenn yo

**Kijan mwen kapab evite komèt fwod?**

1. Rapòte Tout Salè ou

- Lwa federal ak lwa eta a egzije pou rapòte tout salè ou anvan yo fè dediksyon ladan yo, tankou salè ou touche nan travay endepandan ou, pandan w'ap fè demann Asistans preyanbochaj
- Ou fèt pou rapòte TOUT salè ou reyalize nan semèn ki nan mitan dimanch ak samdi,

  menm si ou poko touche yo

2. Rapòte Tout Travay ou

- Lwa federal ak lwa eta a egzije pou ou rapòte tout travay, tankou travay endepandan, pandan w ap fè demann Asistans pou Retounen nan Travay
- Ou fèt pou rapòte tout salè ou reyalize nan semèn ki nan mitan yon dimanch ak lòt dimanch lan, menmsi ou poko touche yo

**Kijan pou mwen rapòte salè mwen yo kòrèkteman?**

- Konsève kantite total èdtan ou travay pou chak semèn sivil, dimanch jiska samdi
- Salè pa èdtan ou miltipliye pa kantite total èdtan ou travay egal a salè abrit ou, ki reprezante kantite lajan ou fèt pou rapòte a
- Ou fèt pou rapòte TOUT salè ou pou semèn ou fè nan travay la, pa pou semèn ou touche a

☐ **Mwen rekonèt ke mwen te li epi konprann deklarasyon yo konsènan Fwod Asistans Reyanbochaj epi mwen vle kontinye depoze aplikasyon mwen.**

2

Anvan | Soumèt

**3-** Paj dakèy pou Demann Peman an ap montre metòd peman aktyèl ou, si li kòrèk, chwazi **"Swivan."** Sinon swiv enstriksyon ki sou paj la pou chanje metòd peman an anvan w kontinye.




**4-** Paj Verifikasyon Adrès la pral bay lis adrès ou genyen nan dosye a, si adrès la kòrèk, chwazi **"Konfime."** Sinon, chwazi **"Mete Ajou"** pou fè koreksyon yo.



**5-** Y ap mande w pou w reponn premye kesyon yo epi yon fwa w fini, w ap chwazi **"Swivan."** Yo ka poze w lòt kesyon, sa depann de repons ou te bay a premye kesyon yo epi yo ka mande w pou ranpli jounal rechèch travay la.



**Premye Kesyon yo**

Tanpri reponn kesyon ki annapre yo pou **semèn Dimanch, 12/5/2021 jiska Samdi, 12/11/2021**.

1. Pandan semèn ou Dimanch, 12/5/2021 jiska Samdi, 12/11/2021:
   - **Èske ou te chèche travay?** ○Yes ○No
   - **Eske ou te fè yon kontak ak moun nan yon Sant CareerSource?** ○Yes ○No
   - **Èske ou kapab ak disponib pou travay si yo te ofri ou yon travay?** ○Yes ○No
2. Pandan semèn ou Dimanch, 12/5/2021 jiska Samdi, 12/11/2021:
   - **Èske ou te refize nenpòt travay oswa rekòmandasyon nan travay?** ○Yes ○No
3. Pandan semèn ou Dimanch, 12/5/2021 jiska Samdi, 12/11/2021:
   - **Eske ou te travay oswa èske ou te touche lajan?** ○Yes ○No
4. - **Èske ou te resevwa oswa aplike pou revni pou revni nan lòt sous ou pa t rapòte ban nou anvan?** ○Yes ○No

Anvan | Swivan

5

**6-** Si ou chwazi **"wi"** epi w endike ou te chèche travay, yon ekran ap parèt epi lap ksplike kondisyon rechèch travay yo. Yap mande w si w te li epi ou dakò ak enfòmasyon yo bay sou ekran an. Apre w fin klike sou ti bwat rekonesans lan, chwazi **" Soumèt".**



**Egzijans pou Rechèch Travay**

Ou oblije fè yon efò sistematik e soutni pou jwenn travay apwopriye pou chak semèn w'ap reklame benefis yo.

Daprè popilasyon rejyon kote w'ap viv la, lwa Florida egzije ou pou soumèt omwen

**senk (5)** travay kontak rechèch oswa detay sou yon sèl vizit CareerSource Sant pou chak semèn.

Ou dwe bay enfòmasyon annpare yo konsènan chak anplwayè ou kontakte:

1. Dat Kontak la
2. Metòd Kontak la
3. Anplwayè/Ajans/Sit wèb/Non Kontak la
4. Baze sou Metòd ak Kalite Kontak la:
   - Adrès Andwa a
   - Adrès sit entènèt (URL)
   - Adrès imèl
   - Nimewo telefòn/nimewo faks
   - Moun ou te kontakte a
5. Tip tavay ou chèche-a
6. Non Pozisyon an oswa Nimewo Referans ki gen rapò avèk pozisyon ou te aplike pou li a
7. Rezilta Kontak yo

OSWA

Ou dwe bay enfòmasyon sa yo sou yon vizit Sant CareerSource:

1. Dat Vizit la
2. Non Sant CareerSource la
3. Adrès la Sant CareerSource
4. Metòd Kontak la
5. Tip tavay ou chèche-a
6. Kalite sèvis Reyanbochaj ou te resevwa

Gid annapre yo dekri tip aktivite ki kapab konstitiye yon kontak rechèch travay pwodiktif. Kontak rechèch travay pwodiktif enkli, men pa sèlman limite a

- Enskri pou travay ak sèvis chomaj nan yon lokal Sant CareerSource.
- Konplete yon aplikasyon travay an [ pèsòn oswa sou entènèt ak anplwayè yo espere ki kapab genyen ouvèti pou travay apwopriye
- Pòste yon aplikasyon travay ak/oswa kourikoulòm vite, jan yo mande nan avi piblikasyon djòb la
- Fè vizit an pèsòn nan konpayi ou espere ki rezonableman ka genyen ouvèti pou travay.
- Fè entèvyou an pèsòn oswa pa telefòn ak anplwayè potansyèl yo
- Anrejistre pou travay ak ajans anplwa prive oswa sèvis plasman la
- Itilize resous ki disponib nan Sant CareerSource yo ki ka mennen ou dirèkteman pou jwenn anplwa, tankou:
  - Patisipe nan evalyasyon konpetans pou okipasyon ki koresponnn;
  - Patisipe nan atelye travay, oswa
  - Jwenn ak swiv rekòmandasyon travay nan Sant CareerSource.
- Sèvi ak sistèm matche sou entènèt, ki gen ladan sistèm ki baze sou Entènèt nan Florid CareerSource Sistèm travay, pou soumèt aplikasyon / rezime, rechèch pou matche oswa rekòmandasyon mande, ak / oswa pou aplike pou travay.
- Ale nan Sal Anplwa Sendika yo chak jou, si se premye metòd rechèch travay ou.
- Itilize lòt aktivite rechèch travay tankou tcheke lis kote yap ofri travay sou entènèt, jounal, oswa jounal pwofesyonèl, kontakte asosyasyon pwofesyonèl, kreye reyinyon biznis avèk kòlèg oswa zanmi ki ka vin debouche sou yon kontak rechèch travay pwodiktif.

Fòm enprimab Rechèch Travay pa Semèn pou kenbe dosye
Ou dwe genyen Adobe Acrobat Reader enstale sou òdinatè ou pou kapab ouvri dosye aplikasyon ou. Si ou pa genyen Adobe Acrobat Reader klike la pou telechaje li.

☐ Mwen te li epi konprann enfòmasyon ki anwo-a*

Ajoute | Soumèt

6

**7-** Apre w fin rekonèt kondisyon rechèch travay la, ekran detay rechèch travay la ap parèt pou w ka antre enfòmasyon sou rechèch travay ou a. Y ap mande w pou bay enfòmasyon konsènan premye rechèch travay ou te fè pou semèn sa a. Ranpli espas obligatwa yo. Yon fwa enfòmasyon an konplètman antre, ou pral chwazi **"Soumèt."**



**Detay sou Rechèch Travay**

Ou te endike ke ou te chache travay oswa te vizite yon Sant CareerSource pandan peryòd pou rapòte Sunday, 12/05/2021 rive Saturday, 12/11/2021 . Tanpri bay enfòmasyon sa yo pou chak kontak travay oswa detay yo nan sant CareerSource ou vizit. Ou mèt klike isit la sou isit la jwenn aksè nan American Job Center Finder epi chèche detay sou lokal Sant CareerSource ou a.

Antre detay rechèch travay yo:

Dat Kontak la: __ / __ / ____ * (mm/dd/yyyy)
Kalite Kontak: Chwazi youn *
Anplwayè/Ajans/Sit wèb/Non Kontak la: *
Metòd Kontak la: Chwazi youn *
Liy Adrès 1:
Liy Adrès 2:
Vil:
Eta: Chwazi youn
Kòd Postal:
Adrès Sitwèb/URL:
Imèl:
Nimewo Telefòn: ( )- - ext:
Moun ou Kontakte:
Tip tavay ou chèche-a:
Pozisyon ou te aplike pou li a:
Pozisyon / Nimewo Referans:
Rezilta Kontak yo: Chwazi youn
Dat yo Pwomèt pou Anboche Ou: __ / __ / ____ (mm/dd/yyyy)
Kòmantè (egzanp, kalite sèvis ou resevwa nan CareerSource Center oswa lòt eksplikasyon):

Si ou gen yon dat definitif pou retounen travay nan sis semèn depi dat finisman semèn sa, ou ka site anplwayè-a yon sèl fwa epi chwazi "Dat yo Pwomèt pou Anboche Ou"kòm rezilt akontak la epi antre dat anbochaj la nan chan yo bay pou sa.

Echèk pou bay detay yo pou omwen **senk (5)** kontak travay oswa yon vizit nan yon Sant CareerSource ka lakòz yon reta oswa refi benefis pou semèn sa a.
Klike **Swivan** si ou vle ajoute lòt kontak, oswa si ou fin ajoute tout kontak travay ou pou semèn sa.
Klike **Anile** si ou pa vle ajoute oswa korije yon kontak

Anile | Ajoute | Soumèt

7

**REMAK:** Pou tout rechèch travay, ou dwe antre dat ou te kontakte travay la, kalite kontak la, non anplwayè a, ak metòd ou te itilize pou kontakte travay la. Bagay sa yo ka chanje selon metòd kontak ou te chwazi a.

**Egzanp:**

- Si w chwazi "An pèsòn" kòm metòd ou te kontakte travay la, wap oblije antre adrès patwon an, nimewo telefòn, kalite travay w ap chèche a, pozisyon wap aplike pou li a, ak rezilta kontak ou te etabli avèk anplwayè a.
    - "Akoz pandemi COVID-19 la, anpil sant CareerSource ofri sèvis vityèl nan plas oswa anplis de sèvis an pèsòn. Pou rapòte rechèch travay, ale nan yon randevou vityèl avèk yon reprezantan sant CareerSource ekivalan a rapòte an pèsòn nan yon sant CareerSource."

- Si w chwazi **"Entènèt"** kòm metòd ou te kontak travay la, wap oblije antre adrès sitwèb la, kalite travay w ap chèche a, pozisyon w ap aplike pou li a, ak rezilta kontak avèk anplwayè potansyèl la;

- Si w chwazi **"Sant CareerSource Florid"** kòm metòd ou te kontakte travay la, w ap oblije antre dat ou te kontake travay la, non Sant CareerSource Florid la, adrès la, ak kalite sèvis oswa sèvis reanplwa ou te resevwa nan seksyon kòmantè yo. Si w te vizite yon biwo CareerSource oswa ale nan yon randevou sèvis vityèl ak patisipe nan sèvis reyanplwa, sa ap pran plas tout dosye rechèch travay ou yo ki nesesè pou semèn sa a.
    - *"Akoz pandemi COVID-19 la, anpil sant CareerSource ofri sèvis vityèl nan plas oswa anplis de sèvis an pèsòn. Pou rapòte rechèch travay, ale nan yon randevou vityèl avèk yon reprezantan sant CareerSource ekivalan a rapòte an pèsòn nan yon sant CareerSource."

**8-** Apre w fin antre enfòmasyon sou rechèch travay ou yo, dosye rechèch travay ou fèk antre a ap parèt sou ekran kontak travay yo, kote w ka modifye yo oswa efase enfòmasyon rechèch travay ou fèk ajoute.

Pwosesis sa a dwe fèt pou tout 5 oswa 3 rechèch travay obligatwa yo, sof si ou vizite yon sant CareerSource Florid. Si w pare pou w ale nan pwochen dosye rechèch travay la, chwazi bouton **"Ajoute"** a epi kontinye menm pwosesis sa a jiskaske tout 5 oswa 3 dosye rechèch travay ou yo fin ajoute pou semèn w ap reklame a.

**REMAK: Pa klike sou soumèt jiskaske w fin antre tout enfòmasyon konsènan rechèch travay ou yo.**



**Jounal Kontak Travay**

Semèn ki kòmanse: **12/05/2021** Semèn ki fini: **12/11/2021**

Dat Sètifikasyon: **01/05/2022**

Ou te endike ou te fè kontak travay yo ki site anba-a.

Echèk pou bay detay yo pou omwen **five (5)** kontak travay oswa yon vizit nan yon Sant CareerSource ka lakòz yon reta oswa refi benefis pou semèn sa.

Si ou vle fè chanjman nan yonn nan kontak yo, klike sou bouton imaj radyo ki akote anplwayè epi klike 'Korije'

Si ou vle retire oswa efase yon kontak nan lis la, klike sou bouton imaj radyo ki akote anplwayè epi klike 'Retire'.

Si ou vle ajoute yon lòt kontak klike 'Ajoute' epi ou pral retounen sou premye ekran kote ou ka antre yon lòt kontak travay

Klike **Soumèt** si ou fin ajoute tout kontak rechèch travay yo pou semèn sila.

Depatman sa pral itilize lis kontak travay pa semèn sila pou verifye ke ou te fè efò obligatwa pou rechèch travay

**Jounal Kontak Travay**

| | Dat Kontak | Kalite Kontak | Anplwayè/Ajans/Sit wèb/Non Kontak la | Moun ou Kontakte | # Telefòn | Imèl | Metòd Kontak | Rezilta Kontak | Kòmantè |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ○ | 12/07/2021 | Employer | [redacted] | Testing | [redacted] | [redacted] | Email | Awaiting Response | N |

Ranje 1 - 1 nan 1 total tit

**DOSYE RECHÈCH TRAVAY: Tanpri, pa chwazi bouton "Soumèt" la toutotan ke w pa fin antre tout dosye rechèch travay obligatwa yo pou semèn wap fè demann pou benefis yo. Aprè w fin antre premye dosye rechèch travay la, chwazi bouton "Ajoute" a pou w ka antre lòt dosye rechèch travay jiskaske ou fin antre tout enfòmasyon rechèch travay ki nesesè yo. Klike Isit la pou yon gid etap-pa-etap kap ede w antre enfòmasyon rechèch travay obligatwa yo pandan wap fè demann pou peman benefis ou yo.**

Edite | Retire

Ajoute | Soumèt

8

**9-** Si w chwazi **"Non"** pou **"Èske w te chèche travay?"**, oswa ou te soumèt mwens pase kantite travay yo mande w pou chèche a, yap voye w nan ekran ki di Ou Pa Satistè Kondisyon Rechèch Travay yo kote wap jwenn kesyon pou enfòmasyon siplemantè. Reponn kesyon yo epi chwazi **"Soumèt."**


Ekran sa pral etènn aprè 30 minit san aktivite. Tanpri chwazi 'Anrejistre' si w pa ka fini nan delè sa a.

**Actively Seeking - Failure to Meet Work Search Requirements - Claimant Questionnaire**

The following information is needed to determine your eligibility to receive reemployment benefits. You must respond to this information by 1/7/2022. You may also log into your account at http://www.floridajobs.org/ to respond to this fact finding online. Failure to respond by the specified deadline will result in a determination being issued with the available information.

Your availability for work is in question because you failed to provide information to show that you contacted the required number of prospective employers for your work search area or contacted your Career Source Florida center to receive reemployment services for the period shown below. Failure to respond by the specified deadline will result in a determination being issued with the available information.

Period beginning 12 / 05 / 2021 (mm/dd/yyyy) to 12 / 11 / 2021 (mm/dd/yyyy)

**Section 1 Work Search Efforts**

1 Did you attempt to submit the required contacts for the period in question? ○Yes ○No*
1a If yes, please provide information in reference to your work search below:

| BUSINESS NAME, WEBSITE NAME/URL OR E-MAIL ADDRESS | METHOD OF CONTACT | TYPE OF WORK SOUGHT | RESULTS OF YOUR SEARCH |
|---|---|---|---|
| | | | |

2 Did you contact your local CareerSource Florida center representative to discuss reemployment services? (i.e., resume writing workshop, interviewing skills training, job search and placement assistance, Ready to Work testing, training opportunities, etc.) ○Yes ○No*
- If yes, please enter the contact information below:

- 2a. Date of contact: / / (mm/dd/yyyy)
- 2b. Name of CareerSource Florida center:
- 2c. Address of CareerSource Florida center:
- 2d. Name of Person Contacted:
- 2e. Services offered:

**Section 2 Availability to Work**

If you did not contact the required number of prospective employers or contact your local CareerSource Florida center representative , please give the reason below:
Check all that apply to you.

- ☐ I did not make my recommended work search.
- ☐ I did not look for work from / / (mm/dd/yyyy) to / / (mm/dd/yyyy)
- ☐ I did not have transportation. (Explain below. Give usual methods of transportation, alternatives, ability to get a job.)
- ☐ I did not have child care from / / (mm/dd/yyyy) to / / (mm/dd/yyyy)
- ☐ I was out of the area from / / (mm/dd/yyyy) to / / (mm/dd/yyyy)
- ☐ I was incarcerated from / / (mm/dd/yyyy) to / / (mm/dd/yyyy)
- ☐ Other (Explain)

**Section 3**

Please provide any information about this issue that you would like to add below:

Is there any additional documentation that you would like to send? ○Yes ○No*

If yes, a cover sheet will be provided to you either by mail or online based upon your previously selected correspondence preference.

Please describe the documents:

Name of the person completing this request: *

Telephone number of the person completing this request: ( ) -

☐ I certify the above information is true and correct.*

**Voye File**

Si ou genyen nenpòt atachman pou telechaje chwazi fichye-a epi seleksyone bouton "Browse". Fichye-a pa dwe depase 10MB. Si atachman ou a se yon xls oswa xslx dosye, kalite sa yo pa ka pi gwo pase 1 MB.

No attachments

Browse... Ajoute Retire

9

Sote Anvan Anrejistre Soumèt

**10-** Apre sa, tcheke bwat pou aksepte rekonesans lan pou w ka ranpli rekonesans final la epi chwazi **"Soumèt".**


SOUMÈT DEMANN OU POU PEMAN BENEFIS

APLIKASYON W LAN POKO FIN KONPLETE!

Pou konplete aplikasyon w lan, ou dwe fè bagay sa yo:
• Revize repons ou bay anwo a epi fè nenpòt chanjman ki nesesè.
• Chwazi kazye a pou sètifye aplikasyon w lan epi chwazi bouton Soumèt.

☐ Mwen konfime enfòmasyon mwen bay yo se enfòmasyon ki vrè ak kòrèk. Mwen konnen Lalwa Florida bay sanksyon ak/oswa prizon pou fo deklarasyon pou jwenn avantaj epi DEO trennen moun lajistis poutèt yo touche avantaj nan fwod. Mwen rekonèt DEO sa a pral verifye enfòmasyon mwen yo pou asire si yo egzat.*

Mwen rekonèt ke mwen te lie pi konprann deklarasyon konsènan Fwod Asistans Reyanbochaj epi mwen swete kontinye depoze aplikasyon mwen

Soumèt

10

**11-** Apre sa, yap voye w sou paj konfimasyon Demann Peman an. Si gen plis semèn ki disponib pou fè demann pou benefis, lè sa a, wap bezwen chwazi bouton **"Fe Demann Benefis"** pou w repete pwosesis rechèch travay la.


Paj Konfimasyon pou Demann Peman

Resi pou Demann Peman

Nou resevwa demann avantaj ou fè pou semèn **Dimanch, 10/4/2020 jiska Samdi, 10/10/2020** ki te resevwa sou: **10/27/2020**.

Estati Demann peman

Nou idantifye pwoblèm (yo) sou peman nan Demann Alokasyon ou. Ap gen reta nan peman ou jouk lè pwoblèm ki annatant (yo) rezoud.

Ou soumèt yon Demann Peman. Pou wè demann sa a ak lòt demann yo ak istwa peman an, chwazi **Wè epi kenbe Kont mwen**,answit **Istwa Peman an.**

Enprime konfimasyon sa a pou dosye ou.

Sitiyasyon Demann Chak Semèn

Yo te idantifye Semèn ou mande a kòm Semèn Datant, se poutèt sa yo pa pral peye ou pou li.

Ou gen semèn ou pa te fè demann pou yo. Ou ka mande peman Benefis yo pou semèn ki endike anba la yo:

- 10/11/2020 jiska 10/17/2020

Fè Demann Benefis

11

Estati Reklamasyon

Si ou toujou p'ap travay pandan semèn **Dimanch, 10/11/2020 jiska Samdi, 10/17/2020**.Dat ki pi bonè ou ka mande benefis pou semèn sa yo se **10/19/20**. Ou ka jwenn refi pou dènye demann pou avantaj yo.

Paj-Dakèy

Sonje, pou w ka resevwa benefis Asistans Reyanplwa yo, ou dwe konekte nan CONNECT chak de semèn pou konfime ke w toujou pap travay oswa ou pasyèlman pap travay men ou kapab e disponib pou travay si yo ta ofri youn. Si w gen lòt kesyon, tanpri itilize Sant Ed Asistans Reyanplwa a isit la, oswa rele Sant Sèvis Kliyan Asistans Reyanplwanan **1-833-FL-APPLY** (1-833-352-7759).